



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 1
Sample Test 2005

Matematik
Liv 1

Ane **4**

Egzanp Egzamen 2005

KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.




Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.

Egzanp A

$$\begin{array}{r} 227 \\ + 14 \\ \hline \end{array}$$

- A 311
- B 241
- C 231
- D 232

Egzanp B




Ki nonb k ap sèvi answit?



F



G



H




J

Egzanp C



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.
Konbyen pous ki nan longè bwòs dan yo montre anba a?



- A 2
- B $2\frac{1}{2}$
- C 3
- D $3\frac{1}{2}$

1 Ki yon lòt fason pou ekri de mil sèt san nèf?


- A 2.079
- B 2.709
- C 2.790
- D 2.907

2



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Mandi trase desen tounsòl yo montre anba a.



Ki longè desen tounsòl la an pous?

- F $1\frac{1}{2}$
- G $1\frac{3}{4}$
- H $2\frac{1}{4}$
- J $2\frac{3}{4}$

Kontinye

3 Ki nonb ki menm ak 3 mil?

- A 30 dizèn
- B 300 inite
- C 3 santèn
- D 30 santèn

4 Genyen 8 chèz nan chak tab nan yon kafeterya. Genyen 96 chèz an tou. Ki fraz nimerik ki ka sèvi pou jwenn kantite **tab** ki nan kafeterya a?

F $8 \times 96 = \square$

G $96 - \square = 8$

H $8 + \square = 96$

J $96 \div 8 = \square$

5 Samdi, te genyen 3.271 moun nan yon match bezbòl. Dimanch, 5.844 moun te vin nan match la. Ki total moun ki te genyen nan toud de match yo?

- A 8.115
- B 8.015
- C 9.015
- D 9.115

6

Lench Donnell koute \$4,40. Li ba kesye a \$5,00. Ki kantite monnen Donnell ta dwe resevwa?



7

Paul gen 50¢. Pri yon kreyon se 7¢. Ki pi gwo kantite kreyon Paul ka achte?

- A 6
- B 7
- C 8
- D 9

Kontinye

8 A konbyen valè 6.509 ta chanje si chif 6 te ranplase chif 4?

- F** 2
- G** 4
- H** 2.000
- J** 4.000

9 Genyen yon total 200 pwason wouj nan 10 akwaryòm nan yon magazen bèt domestik. Chak akwaryòm genyen menm kantite pwason wouj. Konbyen pwason wouj ki genyen nan chak akwaryòm?

- A** 2
- B** 20
- C** 200
- D** 2.000

10 Te genyen 237 moun ki te al asiste yon teyat. Pami moun sa yo, 127 te rive anvan lè epi 68 te rive alè. Rès moun yo te rive anreta. Konbyen moun ki te rive anreta?

- F** 42
- G** 59
- H** 110
- J** 195


11

Yon machin nan yon patisri ka anbale 74 sisèt nan yon minit. Konbyen sisèt machin nan ka anbale nan 6 minit?

- A 424
- B 430
- C 444
- D 462

12

Gade nap rektangilè yo montre anba a.



Ki sipèfisi nap la an inite kare?

- F 14
- G 24
- H 28
- J 48

Kontinye

13 Si $468 \div 26 = 18$, ki ekwasyon ki dwe vre tou?


A $18 + 26 = 468$

B $26 \times 26 = 468$

C $18 \times 26 = 468$

D $26 \div 18 = 468$

14 Lisa fè desen yon cheval sou yon fèy papye, jan sa endike anba a.



8 pous

11 pous

[pa trase selon echèl la]

Lisa bezwen jwenn perimèt fèy papye a pou li ka fè yon ankadreman pou li.
Ki perimèt fèy papye a?

F 19 pous

G 30 pous

H 38 pous

J 88 pous

15 Aseem ekri fraz nimerik ki anba a.

$$\square > 10 + 14$$

Ki nonb ki dwe nan ti bwat la pou fè fraz nimerik la vre?

- A 14
- B 18
- C 24
- D 28

16 Madam Peters achte 32 kalkilatis pou klas li. Chak kalkilatis koute \$18. Ki pi bon **estimasyon** pri total kalkilatis yo?

- F \$300
- G \$400
- H \$600
- J \$800

17 Msye Collins koupe 18 mòso bwa. Li koupe chak mòso bwa an 6 mòso bwa dife. Konbyen mòso bwa dife Msye Collins te koupe?

- A 3
- B 24
- C 68
- D 108

Kontinye

18 Ki deklarasyon ki kòrèk?


F $(4 \times 6) \times 3 = 4 \times (6 \times 3)$

G $(4 \times 6) \times 3 = 4 \times (6 + 3)$

H $(4 \times 6) \times 3 = (4 \times 6) + 3$

J $(4 \times 6) \times 3 = (4 + 6) \times 3$

19 Casey mete 98 bonbon jele nan bokal yo montre anba a.



Apeprè ki kantite **plis** bonbon ki nesesè pou plen bokal la?

A 100

B 200

C 300

D 400

20

Janice ap pote 6 bwat biskwit sèk nan yon fèt. Tablo ki anba a montre pri total bonbon yo selon kantite bwat bonbon li pote.

BONBON

Kantite Bwat	Pri Total
2	\$5,00
3	\$7,50
4	\$10,00

Si modèl ki nan tablo a kontinye, konbyen lajan l ap koute Janice pou achte 6 bwat biskwit sèk?

- F \$12,50
- G \$14,00
- H \$15,00
- J \$16,50

21

A 3:30 P.M., Madam Salino kòmanse kwit kèk tchili (yon kalite piman). Li kwit tchili a jouk 5:00 P.M. Konbyen tan Madam Salino te kwit tchili a?

- A 1 èdtan
- B 1 èdtan, 30 minit
- C 2 èdtan
- D 2 èdtan, 30 minit

Kontinye

22

Ki tablo Antre-Sòti ki swiv règ anba a?

$$\text{Antre} - 7 = \text{Sòti}$$

F

Antre	Sòti
10	3
11	5
12	7
13	9

H

Antre	Sòti
10	7
11	8
12	9
13	10

G

Antre	Sòti
10	17
11	18
12	19
13	20

J

Antre	Sòti
10	3
11	4
12	5
13	6

23

Lendi, lapli te kòmanse tonbe a 1:30 P.M. Lapli a te sispann tonbe nan 2 èdtan 30 minit pita. A kilè lapli a te sispann tonbe?

- A** 3:00 P.M.
- B** 3:30 P.M.
- C** 4:00 P.M.
- D** 4:30 P.M.

24 Ki mezi ki **ka sanble** lajè yon fèy papyè kanè?

F 8 kilomèt

G 8 pous

H 8 mè

J 8 yad

25 Daniel, Kayla ak Shakira kòmande menm gwosè pitza. Tablo ki anba a montre ki fraksyon pitza chak elèv te manje.

PITZA

Elèv	Fraksyon Pitza ki Manje
Daniel	$\frac{1}{4}$
Kayla	$\frac{1}{2}$
Shakira	$\frac{1}{3}$

Ki gwoup fraksyon ki montre kantite pitza elèv yo te manje nan lòd ki kòmanse ant pi piti a ak pi gran an?

A $\frac{1}{4}$ $\frac{1}{3}$ $\frac{1}{2}$

B $\frac{1}{4}$ $\frac{1}{2}$ $\frac{1}{3}$

C $\frac{1}{2}$ $\frac{1}{4}$ $\frac{1}{3}$





D $\frac{1}{2}$ $\frac{1}{3}$ $\frac{1}{4}$

Kontinye


26

Wendy ap fè pratik frape balon bezbòl chak jou apre lekòl. Piktogram ki anba a montre kantite balon bezbòl li frape pandan kat semenn.

PRATIK BEZBÒL WENDY

Semenn	Kantite Balon Bezbòl ki Frape
1	
2	
3	
4	

LEJANN

 = 4 balon bezbòl

Si modèl la kontinye, konbyen balon bezbòl Wendy **genyen plis chans** pou frape nan 6^{yèm} semenn nan?

- F** 7
- G** 9
- H** 28
- J** 36





27

Ki inite mezi ki **pi bon** pou mezire kantite dlo yon bouchon boutèy ka kenbe?

- A** santimèt
- B** kilogram
- C** lit
- D** mililit

28

Ki pè figi ki kongriyan?



Kontinye

29 Ki inite mezi ki **pi bon** pou mezire konbyen yon bisiklèt peze?

- A gram
- B lit
- C ons
- D kilogram

30 Ki konbinezon nonb ki **toujou** bay rezilta yon nonb enpè?

- F enpè × enpè
- G pè × pè
- H enpè × pè × pè
- J pè × enpè × enpè



Ane 4

Matematik

Liv 1

Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies